



Ou bezwen fè yon reklamasyon?
Rele Citizens First

Fè reklamasyon ou sou
Entènèt nan myPolicy sou
www.citizensfla.com/mypolicy
24 èdtan pa jou, sèt jou nan semèn nan
866.411.2742

**Scan QR code to
report online**



Objektif bwochi sa se pou bay enfòmasyon.
Si sa ta rive ou jwenn kèk diferans ant bwochi sa
ak kontra asirans ou an, se sa ki ekri nan kontra
asirans lan ki gen plis valè.

The English version is available at
www.citizensfla.com/brochures.

La version en Español esta disponible en
www.citizensfla.com/brochures.



Citizens Property Insurance Corporation
866.411.2742
www.citizensfla.com

Kisa ou bezwen konnen **Sou** **Ankèt Teren** **Souskripsyon**



Konsèy Enpòtan pou Asire yo:



Enskri pou myPolicy pou tout bezwen
jesyon politik asirans ou. Ou ka soumèt
yon reklamasyon anliy; chwazi Go
Paperless; telechaje dokiman; epi
gade polis asirans ou, reklamasyon ak
enfòmasyon fakti. Vizite www.citizensfla.com/mypolicy pou konnen plis toujou.

Jan sa fèt pou majorite konpayi asirans yo, Citizens egzije gen ankèt teren souskripsyon sou pwopriyete mèt kay yo ki dwe fèt peryodikman pou verifye kalifikasyon, valè ranplasman ak karakteristik kèk batiman. Ankèt sou teren sa yo ka ede tou pou idantifye pwoblèm potansyèl anvan yo vin pwoblèm tout bon.

Jan sa deklare nan aplikasyon ak polis asirans nou yo, Citizens gen dwa pou fè ankèt teren souskripsyon nenpòt lè pandan peryòd validite polis asirans lan.

Ankèt teren sa yo **gratis** pou ou e se reprezantan sou teren konpayi pwofesyonèl ekstèn ki fè yo. Ankèt souskripsyon sou teren yo varye nan dimansyon yo epi nou esplike sa nan bwochi sa a.

Pwosesis Ankèt Teren Souskripsyon – Kisa pou Atann

Anvan yo fè ankèt pwopriyete ou a, Citizens ap voye yon imèl ba ou ansanm ak ajan ou an ak enfòmasyon konsènan pwosesis ankèt souskripsyon an ak kisa pou atann. Konpayi ankèt sou teren an ap kontakte ou pou pwograme ankèt la sou yon semèn apre ou resevwa imèl la, epi y'ap fè ou konnen ki tip ankèt ki pwograme.

Konsèy Enpòtan pou Asirè:



Asire ou enfòmasyon kontak ou Citizens genyen an korèk paske se ak sa konpayi ankèt teren an ap kontakte ou. Rele ajan ou an touswit si ou bezwen aktyalize enfòmasyon sa.

Tip Ankèt Teren Souskripsyon

De Tip Ankèt Teren Souskripsyon:

- **Enspeksyon deyò:** Pèsonn pa bezwen la pandan ankèt la; men, reprezantan teren an ap bezwen gen aksè a tout eksteryè kay la pandan l ap egzamine twati, deyò batiman an ak kondisyon ekstèn yo.
- **Enspeksyon anndan/deyò:** Ou menm oswa yon moun ou delege (18 lane oswa plis) dwe la pou bay aksè anndan pou reprezantan teren an kapab evalye sistèm elektrisik, plombri ak HVAC, anplis de twati ak kondisyon ekstèn yo.

Endepandaman de tip enspeksyon an:

- Ou dwe bay aksè a baryè ki fèmen yo ak kominote ki fèmen yo.
- Chen ak lòt bèt yo dwe nan yon espas fèmen pandan enspeksyon an.

Konsèy Enpòtan pou Asirè:



- Kontakte konpayi ankèt teren an imedyatman si ou bezwen repwograme.
- Kontakte ajan ou an si ou p ap ka la epi si ou p'ap ka delege yon moun ki ka bay aksè ak anndan pwopriyete a.

Enpòtan!

Si konpayi ankèt teren an pa ka enspekte pwopriyete ou a oswa ou refize ankèt la, Citizens ka anile oswa pa renouvle polis asirans ou an.

Rezilta ak Kesyon Ankèt Teren Souskripsyon

Rezita ankèt teren souskripsyon an ap prè nan twa semèn. Ajan ou an ka reponn nenpòt kesyon ou ka genyen epi enfòmasyon ou de nenpòt bagay li jwenn ki ka mande aksyon anplis.

Pou plis enfòmasyon, vizite www.citizensfla.com/inspections.

